

10 bagay ou ka fè pou jere sentòm COVID-19 ou yo lakay ou

Si ou gen COVID-19 posib oswa konfime:

1. **Rete lakay ou**, pa ale nan travay ni lekòl. Epitou rete lwen lòt andwa piblik yo. Si ou dwe sòti deyò, evite pran nenpòt kalite transpò piblik, pataj woulib, oswa taksi.



2. **Siveye sentòm ou yo** avèk anpil atansyon. Si sentòm ou yo vin pi mal, rele founisè swen sante ou touswit.



3. **Pran repo epi rete idrate.**



4. Si ou gen yon randevou medikal, **rele founisè swen sante a** davans epi di li ou gen oswa ou petèt gen COVID-19.



5. Pou ijans medikal yo, rele 911, epi **enfòmè pèsònèl dispatchè a** ke ou gen oswa ou petèt COVID-19.



6. **Kouvri tous ou ak etènne ou.**



7. **Lave men ou souvan** avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa netwaye men ou avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan.



8. Ou dwe **rete** nan yon chanm byen presi epi **lwen lòt moun nan kay** ou otank posib. Epitou, ou dwe itilize yon twalèt apa, si gen disponib. Si ou dwe ozalantou lòt moun oswa bèt andedan oswa deyò kay la, mete yon mask nan figi ou.



9. **Evite pataje atik pèsònèl** avèk lòt moun nan kay ou, tankou asyèt, sèvyèt, ak atik kabann.



10. **Netwaye tout sifas** moun manyen souvan yo, tankou kontwa, anlè tab ak manch pòt yo. Sèvi ak spre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay dapre machaswiv ki sou etikèt la.

